JOURNAL OF
SCIENCE AND INNOVATIVE RESEARCH STUDIES
VOLUME-1, ISSUE-6, 2026

# Historical Figures Subjected to Repression

**Húrliman Kóptilewova**

Master's Student Ajiniyaz Nukus State Pedagogical Institute

**SUMMARY**

The article discusses repressed government officials and victims of injustice in Karakalpak literature.

**Key words:** the literature of karakalpak, victims of repression, Soviet government, historical figures

# Repressiyaǵa ushıraǵan tariyxıy tulǵalar

**Húrliman Kóptilewova**

**Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı magistrantı**

REZYuME

Maqolada qoraqalpoq adabiyotida qatag'onga uchragan davlat arboblari, ularning nohaqlik qurboni bo'lganligi haqida aytiladi.

REZYuME

В статье рассматриваются репрессированные государственные деятели и жертвы несправедливости в каракалпакской литературе.

**Kalit so'zlar:** qoraqalpoq adabiyoti, qatog'on qurbonlari, Sovet hukumati, tarixiy shaxslar

**Klyuchevie slova:** karakalpakskaya literatura, jertvi repressiy, Советское правительство, исторические личности

**Annotaciya**

Búgingi kúndegi texnika, texnologiya rawajı ilim-pán jámiyetshiligine de óz tásirin tiygizbekte. Hár qıylı jańadan payda bolıp atırǵan innovaciyalıq ósiwler bilimlendiriwdiń túrli aspektlerinde kórinip atır. Sol qatarı qaraqalpaq prozasında da ele tolıqlay izertlenbegen, úyreniwdi talap etetuǵın temalar bar. Solardıń biri retinde biz búgin sóz etpekshi bolǵan repressiya qurbanları teması ádebiyatımızda jańasha baǵdarda

izertlenetuǵın tema. Aktuallıǵı qaraqalpaq prozasında repressiyaǵa ushıraǵan mámleketlik isker, jazıwshı, shayırlardı anıqlap, atların máńgilestiriw bolıp tabıladı.

Házirgi ǵárezsiz, erkin zamanda jasap atırǵan áwladlarımız xalqımızdıń basınan keshirgen XX ásirdegi sumlıqlı waqıyalar menen qırǵın urıslardı, biygúna jazalanıwlardı jeterli dárejede bilmeydi dep aytsaq qátelespeymiz. Onıń tiykarǵı sebepleriniń biri táriyxshi-ádebiyatshı alımlarımız ushın patsha Rossiyasınıń hám burıńǵı awqamnıń koloniyalıq háreketlerin tolıq ashıp beretuǵın hújjetler salınǵan arxivlerdiń esikleri mudamı jabıq edi. XX ásirde, sovetlik dáwirde kommunistlik ideologiya xalqımız basınan keshirgen qanlı waqıyalardı, táriyxımızdı haqıyqıy durıs sáwlelendiriwge, ǵalaba repressiyanı ashıp beriwge de múmkinshilik bermedi.

Azatlıq hám ǵárezsizlik ushın, paraxat turmıs ushın gúresken jáne bul gúreste esap-sansız qurban bolǵan ata-babalarımızdıń ullı erligi, qaharmanlıǵı biziń yadımızdan hesh qashan shıqpaydı. Ar-namısı ayaq astı, táǵdiri oyran bolǵan bul adamlardıń arasında biziń elimizde jasaǵan barlıq milletlerdıń hám xalıqlardıń wákilleri bar. Tek ǵárezsizlik dáwirde ǵana ilimpazlarımız XX ásirde xalqımız basınan keshirgen tragediyalıq táriyxın ilimiy aylanısqa endirip, xalqımızdıń haqıyqıy táriyxın jaratıp atır.

Házirgi qaraqalpaq ádebiyatında proza janrında jazılǵan shıǵarmalar kópshilikti quraydı. Olar turmıslıq, tariyxıy taǵı basqa da temalarda jazıladı. Qay baǵdarda jazılsa da haqıyqatlıqtı sáwlelendiriwshi shıǵarma dóreledi. Solardıń ishinde biz búgin sóz etip otırǵan repressiya qurbanları obrazları da óz súwretleniwin tapqan. Repressiya qurbanları obrazların ashıp beriwshi kórkem ádebiy shıǵarmalar qaraqalpaq ádebiyatında ǵárezsizlik jıllarında jazıla basladı. Olardı dáwirlerge bólip qaraytuǵın bolsaq:

Ábdibay Qarlıbaev <<Oray jibergen jálladlar hám biygúná qurbanlar>> 1992-jıl;

Sharip Babashov <<Jazıqsız jazalanǵan repressiya qurbanları>> 2007-jıl;

Alpısbay Sultanov <<Elim degen er edi...>> 2018-jıl;

Bahawatdin Allaniyazov <<Allayar Dosnazarov>> 2019-jıl;

Keńesbay Karimov <<On úshinshi awıl>> 2020-jıl.

Repressiya latınsha repressio – basım ótkeriw qorqıtıw degen mánilerdi ańlatıp mámleket organları qollanatuǵın jazalawdıń túri. Ǵalabalıq túrde xalıqtı qorqıtıw azaplaw hám qurban etiw  degen túsiniklerdi bildiredi. Sovet húkimeti dáwirinde repressiya siyasatı 1930-jılları háwij aldı. Elimizge belgili basshılar mámleketlik iskerler bir qansha zıyalı insanlar hám jazıwshı shayırlar ádalatsızlıq qurbanı boldı. Shash al dese bas alatuǵın organ xızmetkerleri jalǵan kórsetpeler ótirik ayıplar tawıp kóp ǵana el azamatların qamaqqa aldı. Bulardıń ishinde pútkil qaraqalpaq xalqınıń maqtanıshlı perzentleri Allayar Dosnazarov Qasım Áwezov Ábiw Qudabaev hám Kóptilew Nurmuxammedovler de bar edi. Olar ózleriniń xalıqqa jan-táni menen islegen erlikleri eldi rawajlandırıw ushın alıp barǵan iygilikli isleri menen belgili edi.

Allayar Dosnazarov qaraqalpaq xalqın xalıq etiw jolında ayanbay xızmet etken eli ushın mudamı jankúyerlik etetuǵın insan boldı. Ol xalqımızdıń rawajlanıwı keńes húkimetine baylanıslı dep túsingen edi. Sonlıqtan onı bekkemlewge kóp xızmet etti. Oktyabr awdarıspaǵınan keyingi puqaralıq urısqa qatnastı. Keńes hákimyatın bekkemlewdegi xızmeti ushın Miynet ordeni menen sıylıqlandı. Bir qansha siezdlerde delegat bolıp saylanıp qatnasadı. Oraylıq komitetke bilimin ele de jetilistirw ushın Máskewge (Moskva) oqıwǵa jiberiwin ótinip xat jazadı. Onı 1921-jılı 10-avgustta Máskewdegi Shıǵıstanıw Xalıqaralıq Kommunistlik Universitetine oqıwǵa jiberedi. Ol jerde kúni-túni óz ústinde islep jaqsı  oqıydı. Jazǵı dem alıs waqtında eline kelip úgit-násiyat jumısların alıp baradı. Biraq arada nawqaslanıp qalıp Xorezm Respublikası Xiywa qalasına emleniwge jiberiledi. Bir neshe úzilislerden soń 1930-jılı oqıwın tamamlap keledi. Bashqurstanda juwaplı xızmetlerde jumıs isleydı. 1931-1935-jıllarda Máskewdegi Metallstroy zvodında direktor orınbasarı soń Metallist zavodında direktor wazıypalarında isleydı.

1935-jılı 25-yanvarda xalıq dushpanı degen at penen qamaqqa alınadı. Sol jıldıń 8-aprelinde 10 jıl múddetke qamaq jazası beriledi. 1937-jılı 10-noyabrde ol atıw jazasına

JOURNAL OF
SCIENCE AND INNOVATIVE RESEARCH STUDIES
VOLUME-1, ISSUE-6, 2026

húkim etiledi. Solay etip xalqımızdıń ádiwli perzenti Allayar Dosnazarov Aqteńiz-Baltik kanalınan 40 shaqırım qashıqlıqtağı Kem stanciyası janında atıladı. Aradan jıllar ótkennen soń onıń atı aqlanadı hám jazıqsız dep tabıladı.

Qaraqalpaq xalqı arasında óziniń belsene háreketleri menen kózge túsken haqıyqıi er azamat bul Qasım Áwezov edi. Ol eline pidayı xalıqshıl uyımshıl uqıplı intalı isker boldı. Qasım Áwezov hár tárepleme xalıq jolında ayanbay xızmet etti. Ol QazASSRında joqarğı lawazımlarda jumıs islep júrgen dáwirlerinde tuwısqan xalıqlardıń óz-ara qatnasıqların jaqsılawğa sol eldiń sonday-aq Qaraqalpaqstannıń da ekonomikası hám mádeniyatın rawajlandırıwga óz úlesin qostı. Qaraqalpaq avtonomiyalı oblastın qaraqalpaq ASSRi etip dúziwde Qasım Áwezov Máskewdegi RSFSRdıń turaqlı wákili Qaraqalpaqstan obkomınıń ekinshi xatkeri QQASSR Xalıq Kommisarları Keńesı baslığı lawazımlarında isledi. Q.Áwezov mámleketlik islerden basqa dramaturg jazıwshı ádebiyatshı hám táriyxshı ilimpaz da edi. Lekin ǵáremet tasları biygúna esaplanǵan Qasım Áwezovqa da atılıp qamaqqa alınadı. Jalǵan ayıplar qoyılıp nahaqlıq qurbanı boladı. Sol waqıttağı tergewler juwmağı boyınsha oǵan barlıq mal-múlkleri menen qosa eń awır jaza – atıw jazasına húkim etiledi.

Bul buyrıq 1938-jılı 13-oktyabrde toqtawsız orınlanadı. Aradan 18 jıl ótkennen soń yağnıy 1956-jılı onıń isi qayta kórilip shığıp ayıpsız dep tabılıp aqlanadı. Elimizdiń ardaqlı perzentleri Allayar Dosnazarov, Qasım Áwezovlar menen birge Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı Respublikasın shólkemlestiriwge at salısqan er júrekli azamat Ábiw Qudabaev ta belsene qatnastı.

Repressiya siyasatı Sovet húkimeti elimizde ornaǵan dáwirlerde baslandı hám unamsız aqıbetler menen juwmaqlandı. Totalitar dúzim dáwirinde 1937-1953-jıllar aralıǵında mámlelerimizde 100 mıń adam repressiya qurbanına aylandı. Olardan 13 mıńı ayawsız bul dúnyadan kóz jumdı. Kóplegen shańaraq búlginshilikke ushırap, balalar jetim qaldı. Bunday ádalatsızlar tariyx betlerinde hám ádebiyat maydanında máńgige mórlenip qaldı. SSSR húkimeti tárepinen basshılıqqa alınǵan bul dúzim bir ǵana qaraqalpaq

ádebiyatında emes, qońsı túrkiy xalıqlar ádebiyatında da óz kórinisin taptı. Bárshe ushın birdey bolǵan bul siyasat jazıwshı, shayır hám mámleketlik iskerdi ayap otırmadı.

**Ádebiyatlar:**

1. A.Sultanov <<Elim degen er edi...>> Nókis. <<Bilim>>. 2018.

2. Sh.Babashov <<Jazıqsız jazalanǵan repressiya qurbanları>> Nókis. <<Qaraqalpaqstan>>. 2007.